**Spring 2017**

**Wolof 403**

# Enternet ak ay njariñam



Enternet nekk na lu am solo ci dundu nit ñi ci Senegaal ak ci àdduna bi yépp. Leegi, nit ñu bari ci Dakar ak yeneen dëkk yi dañuy jëffandikóó enternet ngir mbir yu bari te wuute. Ñu bari ci **dëkku-taax** yi dañuy am enternet ci séén kër wala ci séén liggééyukaay. Enternet mu ngi tàmbali **law** ci atum 2000. **Booba**, kenn amulwoon enternet ci séén kër. Lu ëpp ci nit ñi amoon nañu ko ci séén liggééy.

Ngir am enternet, dinga soxla ordinaatëër wala telefon bu man jokkoo ci enternet, wala tamit tablet. Ci atum 2000, ordinaatëër **jafewoon** na lool ci nit ñu bari. Nit ñu am xaalis rekk ñoo ko amoon. Leegi, taalibé yu bari **sax** am nañu ordinaatëër te ñu ngi jëffandikóó enternet ngir séén gëstu ak njàng.




Ci atum 2000 ba 2005, enternet jafewoon na. Ci Dakar, **boo bëggoon** jëffandikóó enternet, soxlawoon nga dem ci **sibeerkafe** yi. Daa nga **fay** 2000 wala 1000 fcfa ngir **man** jëffandikóó enternet bi ci wenn waxtu **kese**. Waaye leegi, ngir am enternet ci sa kër dinga **fay** weer wu nekk **daanaka** 10000 fcfa wala ci sibeerkafe bi dinga fay 150-200 fcfa ngir wenn waxtu.

Ndaw ñi dañuy faral di jëffandikóó enternet bi ngir sééni gëstu wala ngir fo. Taalibé yi ci iniwersité yi dañuy gëstu ci enternet bi ngir man def sééni liggéey bu baax. **Yenn saa yi**, am na ay nit ñuy jëffandikóó enternet ngir seetaan ay film, wala ay **widewóó misik** wala ngir waxtaan ak sééni xarit ak waakër. Enternet am na solo lool ndax dinanu man waxtaan ak sunuy xarit ak sunuy mbokk yu nekk ci bitim-rééw. *Google* bokk na ci **màkkaani** enternet yu gëna siiw.

**Waa Senegaal yi ci bitim-réém: Lan mooy njariñu enternet?**



Móódu dëkk na Itaali waaye Senegaal la jógé. Moom dafay namm Senegaal lool. Bés bu nekk dafay jokkoo ci enternet bi ngir xool lan moo xew ci Senegal. **Màkkaani** enternet yu gëna siiw ci Senegaal nekk nañu *Seneweb.com*, *Dakaractu.com*, *Nettali.com*, *Rewmi.com*, *Xibaaryi.com, LaSenegalaise.com, Leral.com* ak yeeneen. Bés bu nekk Móódu dafay jàng **xibaar** yi ci mbiru poólitig, koom-koom ak diiné ci màkkaanu Seneweb.com. Leeg-leeg waxtaan na ak xaritam ak ay **mbokkam** ci Skype wala Messenger wala Facebook. Man na seetaan ay tele waa Senegal ci *Sunu-tv.com* wala man na seetaan ay teyataar waa Senegaal ci *Carrapide.com*. Am na ay màkkaani enternet yu bind ci Wolof niki *Xibaaryi.com* wala *Google Wolof* wala *Wiki Wolof*. Am na tamit ay màkkaan ngir jàng Wolof.

**Tekki**

**Njariñ** –l = usefulness

**Jariñ** (verb) = to be useful (Wala **am njariñ)**

**Dëkku-taax** –b = city, town

**Law** = to spread

**Booba** = then, in those days, at that time

**Man** (verb) = can, to be able to

**Ngir am** ... = in order to have…

**Ordinaatëër** –b = computer

**Sax** = even

**Jafewoon na** = was hard to find

**Boo bëggoon** …… = if you wanted to …..

**Sibeerkafe** –b = internet cafe

**Daa nga fay** = you would pay

**Fay** = to pay

**Kese** = rekk = only

**Yenn saa yi** = leeg-leeg = sometimes

**Widewóó misik** = music videos

**Màkkaanu enternet** –b = website

**Namm** = to miss

**Jokkoo** = to communicate

**Màkkaani enternet yu gëna siiw** = the most famous websites

**Mën** (verb) = the same as "man" = can

**Teyataar** –b = drama

**Daanaka** = almost

**A- Lan nga xam ci mbiru enternet ci Senegaal**

1) Ndax enternet dafa siiwoon lool ci Senegaal lu jiitu atum 2000?

……………………………………………………………………………………..……………..

2) Ndax enternet dafa jafe ba leegi ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

3) Yan màkkaani enternet la taalibé yi di faral di xool ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

4)) Ndax leegi ci Senegal, ñépp am  nañu enternet ci sééni kër ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

5) Enternet ci sibeerkafe yi leegi ñaata lay jar ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

**B- Lan nga xam ci mbiru Móódu ak jokkoowam ?**

1) Ndax Móódu dafay fo ci enternet bi ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

2) Lu tax Móódu di jëffandikóó enternet ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

3) Ndax Móódu dafay waxtaan ak ay nit ñu mu xamul?

…………………………………………………………………..……………..……………..

4) Ndax am na ay màkkaani enternet yu bind ci Wolof ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

5) Ndax *Google* ak *Wiki* ci Wolof am na solo ?

…………………………………………………………………..……………..……………..

**C- Tontul ci laaj yi**

1) Ci sa xalaat, lan moo wuute diggënté jëffandikóó enternet ci sa rééw ak waa Senegal ?

…………………………………………………………………..………………………………

…………………………………..……………………………………………………………

……..…………………………………………………………………..……………..…………

2) Lan ngay faral di def ak enternet?

…………………………………………………………………..………………………………

…………………………………..……………………………………………………………

……..…………………………………………………………………..……………..…………

3) Ndax yaakaar nga ne enternet lu baax la ci sa dund ? Lu tax ?

…………………………………………………………………..………………………………

…………………………………..……………………………………………………………

……..…………………………………………………………………..……………..…………

4) Ndax jëffandikóó nga enternet ci say gëstu ci Wolof ? Ci lan ?

…………………………………………………………………..………………………………

…………………………………..……………………………………………………………

……..…………………………………………………………………..……………..…………

**Mbind**

Context: Nit ñu bari dinañu jëffandikóó enternet ngir **jàng** wala **gëstu**, ngir **seet ak am xibaar**, ngir **jokkoo**, wala ngir **fo**, etc.

Instruction: Bindléén ay misaal

**Misaal**: Am na ñu jëffandikóó enternet ngir jàng ak gëstu ndax sàkku nañu xam-xam ngir sééni kalaas.

1- Am na ñu jëffandikóó enternet ngir **jàng ak gëstu** ndax

..……………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………

2- Am na ñu jëffandikóó enternet ngir **jàng ak gëstu** ndax …

..……………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………

3- Am na ñu jëffandikóó enternet ngir **jokkoo** ndax …

..……………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………

4- Am na ñu jëffandikóó enternet ngir **jokkoo** ndax ….

..……………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………

5- Am na ñu jëffandikóó enternet ngir **am xibaar** ndax …

..……………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………

6- Am na ñu jëffandikóó enternet ngir **fo** ndax …

..……………………………………………………………………………………………

……………………………………………………………………………………………